



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 17 oktòb 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO MAKE PREMÈ ANIVÈSÈ SIYATI LWA SOU SIDR AGRIKÒL**

### ***“Taste NY” pou ko-patwone evènman semèn Sidr nan NYC ak Hudson Valley***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te make premè anivèsè lwa sou sidr agrikòl, sa ki mete yon nouvo lisans disponib a sidri agrikòl yo ki itilize pwodui ki fèt eksklizivman nan Eta New York. Siyen pa Gouvènè a nan dat 17 Oktòb 2013, lwa te deja kondwi nan kreyasyon uit sidri agrikòl nan eta ak sidr ki te pwodui kounye a nan etablisman diven ak brasri yo. Depi 2011, kantite pwodiktè sidr yo te ogmante pa 480 pousan, de senk sidri nan 2011 a 29 jodia.

“Lejisasyon ane pase sou sidr agrikòl te ouvè nouvo opòtinite pou pwodiktè sidr New York yo, e pwogrè yo te fè depi lè sa fè l vin lwa te vrèman remakab,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Soti nan ofri degistasyon pou vann pwodui nivo klas mondyal yo ansanm avèk pwodui ki fèt nan New York, sidri Eta ap kondwi aktivite ekonomik nan Eta, e mwen fyè dèske nou te kapab jwe yon patisyon nan siksè yo.”

Lavant nasyonal sidr te monte nan dènye ane yo. Antanke dezyèm pi gwo pwodiktè pòm, Eta New York ap kondwi tandans sa avèk plizyè inisyativ progresif ki vize spesyalman nan ogmante pwodiksyon sidr nan eta. Lwa sou sidr agrikòl la te kreye yon lisans pou pwodiktè sidr yo ki menm jan a lisans yo ki disponib a etablisman diven agrikòl, brasri ak distilri yo. Pou yo jwenn yon pèmi sidri agrikòl, sid brit la dwe fèt ak pòm ki pwodi nan Eta New York sèlman epi pa ka gen plis pase 150.000 galon ki pwodi chak ane.

Nouyòkè yo pral gen opòtinite pou yo fè echantyon sidr yo ki te pwodui pa kèk nan pi bon pwodiktè sidr agrikòl nan evènman semèn sidr nan vil New York de 24 Oktòb - 2 Novanm, e nan Hudson Valley de 14 – 23 Novanm. Taste NY pral yon fwa ankò ko-patwone aktivite sa yo pou bay Nouyòkè yo yon opòtinite pou teste kèk nan pi bon sidr nan mond lan. Wap jwenn plis enfòmasyon sou semèn sidr la disponib [la \(NYC\)](#) ak [la \(Hudson Valley\)](#).

Devin Britton, ko-pwopriyetè Bad Seed Cider Co, nan Highland, NY, te deklare, “Nou te vini yon sidr agrikòl nan ivè ane pase e jiska prezan li te bon. Nou te deja bati yon sal bwason ak yon sal degistasyon

sou pwopriyete nou an ki akeyan anpil pou vizitè yo. Nou gen kat nan pwòp sidr nou yo sou aparèy, enkli yon sidr Belgian Abby ak sidr Blueberry, e nou konsakre egalman twa chanm pou pwodiktè New York yo. Nou pat kapab janm fè sa san emèjans yon lisans sidr agrikòl ki te siyen an lwa pa Gouvènè Cuomo.”

Ed Kaneb, pwopriyete Kaneb Orchards nan Massena, NY, te deklare, “Nou te yon sidr agrikòl ki gen lisans depi peryòd ete a. Li te ofri nou plis fleksibilite e egalman yon opòtinite pou vann sidr brit andeyò de magazen nou an. Sa a se premye ane nou te komèsyalize sidr brit e nou te deja resevwa akolad, enkli “Pi bon Sidr Brit” nan resan koup Gouvènè a nan Finger Lakes. Sa a se yon nouvo aspè nan biznis nou an e li te ouvè nouvo avni pou toulède lavant nou yo ak kwasans potansyèl nan lavni.”

Daprè lwa ki te siyen yon ane de sa pa Gouvènè Cuomo, sidri agrikòl yo ka opere yon chanm degistasyon kote yo kapab vann pwodui pa lit, pèmèt yo imedyatman rekòlte rekonpans benefis finansye de travay san relach yo. Sidri agrikòl yo ka egalman vann degistasyon ak boutèy byè yo, diven ak bwason ki te fèt eksklizivman nan pwodui New York epi vann pwodui yo tankou moustad, sòs, konfiti, jele, souvni, travay atistik, atizanal ak lòt atik kado. Nouvo biznis sa yo, tankou etablisman diven agrikòl, brasri ak distilri, rapidman ap vin destinasyon lokasyon ki pwomote touris ak kondwi devlopman ekonomik ki favorab a anviwonman nan kominote yo ak nan Eta New York.

Nouvo lwa te egalman souleve limit sou kontni alkòl pou tout sidr ki pwodui nan New York, de 7 pousan a 8.5 pousan, pou adrese nati òganik nan pwosesis fèmantasyon, anplis pou pèmèt pwodiktè yo itilize fwi pepen ot ke pòm, tankou pwa, nan pwodiksyon an. Avèk etap pwogresif sa a, pwodiktè sidr brit New York yo kounye a ap pwofite de libète pou kreye sidr ki pi brak ak sèk, kaptire vrè gou sidr brit nan Ewòp ak nan kòmansman Amerik. Sa ki pi enpòtan, si yon pwodiktè sidr respekte definisyon alafwa diven ak sidr brit, lwa a pèmèt pwodiktè chwazi si pwodi a pral ale sou mache a epi vann kòm diven oubyen sidr, sou baz biznis pèsonel yo ak bezwen maketin yo.

Uit lisans sidri agrikòl yo nan Eta New York se:

- Bad Seed Cider Company, Highland, NY
- Blackduck Cidery, Ovid, NY
- Cunningham Creek Distributors, makers of Cider Creek Hard Cider, Canisteo, NY
- Nine Pin Cider Works, Albany, NY
- Fishkill Farms Apple Orchard, Hopewell Junction, NY
- Descendant Cider Company, Queens, NY
- Sundog Cider, Chatham, NY
- Kaneb Orchards, Massena, NY

Prezidan State Liquor Authority Dennis Rosen te deklare, “Anba lidèchip Gouvènè a, nou te fè patenarya avèk pwodiktè sidr yo pou mete ajou règleman demode ak politik demode yo. Chanjman nan lejislasyon ak règlemantasyon yo te ede kontribye a kwasans remakab nan ogmante opòtinite maketing ak lavant, rasyonnalize lisans, ak asouplisman restriksyon yo pou ti manifakti sidr eta.”

Komisyonè Agrikilti Eta Richard A. Ball te deklare, “Depi li te antre nan administrasyon an, Gouvènè Cuomo te kontinye kreye nouvo opòtinite pou pwodiksyon bwason ki pwodui lokal nan rann li pi fasil pou antreprenè yo satisfè gwo demann pou pwodui ki fèt New York yo. Kòm dezyèm pi gwo pwodiktè pòm nan peyi a, li sèlman fè sans ke New York ta pran direksyon an nan ede pwodiktè lokal yo fè izaj abondan pou satisfè nouvo gou yo rejwenn nan peyi a pou prim sidr brit atizanal.”

Rekòlt pòm nan New York aktyèlman, an plen ekstansyon. Ane pase, New York te pwodui plis pase 1.4 milya liv pòm ki evalye a plis pase \$237 milyon dola. Demann ki ogmante pou sidr brit nan eta bay pwodiktè pòm yo yon lòt avni pou maksimize valè rekòlt yo, kòm fwi ki twò pitit oswa abime pou vann nan magazen oswa mache kiltivatè yo ka vann bay pwodiktè sidr yo. Kontinyasyon tandans sa pral kondwi nan ogmante demann pou pòm, kreyasyon travay anplis, pwoteksyon anviwonman ak lajan touris pou kominote lokal yo, ansanm avèk bay yon sous revni enpòtan pou pwodiktè yo atravè pwodiksyon pwodui a wot valè ki ajoute tankou sidr ak bwason pòm.

Prezidan Asosyasyon New York Apple ak PDG Jim Allen said, “Li di pou kwè ke li genyen sèlman yon lane depi lwa sou sidr agrikòl la te siyen an lwa pa Gouvènè Cuomo ak kalite opòtinite li te kreye pou endistri nou an. Nouvo opòtinite pou pòm ap louvri toupatou nan eta kòm yon rezilta lejislasyon sa, enkli touris, sa ki se yon gwo motè ekonomik nan endistri pòm New York. Meteyo a te byen akomode pou jaden pòm rezen nou an pandan otòn sa a e mwen ankouraje tout moun pou kontinye sipòte kiltivatè nou yo nan semèn kap vini yo.”

Asosyasyon Pòm New York te yon resous sou entènèt pou ede konsomatè yo jwenn evènman agro-touris ki gen rapò a pòm [LA](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*  
**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE